# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–04 जुलाई 2025 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में आम महोत्सव क उद्घाटन कइले। येहमन उहां के महोत्सव वाली जगहि पर लागल प्रदर्शनी क अवलोकन कइलीं अउर आम क निर्यात बदे कंटेनर्स क फ्लैग ऑफ कइलीं। उहां के स्मारिका क विमोचन कइलीं अउर प्रगतिसील बागवान आ निर्यातक लोगिन के सम्मानितो कइलीं। येह मौका पर आयोजित कार्यक्रम के संबोधित करत मुख्यमंत्री बागवान लोगिन बदे सरकार की ओरि से कइल जा रहल कोसिसन क चरचा कइलें।

**पिछले चार वर्ष में डबल इंजन सरकार ने एक्सपोर्ट को बढ़ावा देकर के कई गुना लाभ हमारे औद्यानिक किसानों को प्राप्त हो सके, बागवानों को प्राप्त हो सके, इसके लिए चार पैक हाउस भी बनाए गए हैं। ये पैक हाउस प्रदेश की राजधानी लखनऊ में तो है ही यहां के साथ साथ अमरोहा में, सहारनपुर में, वाराणसी में भी सफलतापूर्वक कार्य कर रहा है। इसके माध्यम से हम औद्यानिक फसलों के साथ जुड़े हुए जो बागवान हैं उनको इस बात का प्रशिक्षण देते हैं कि एक्सपोर्ट के लिए वेरायटी की क्वालिटी क्या होनी चाहिए।**

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु राज्य प्रसासनिक सेवा पीसीएस दुइ हजार बाइस बैच क सात अउर दुइ हजार तेइस बैच क अड़तीस प्रसिक्षु अधिकारियन से मुलाकाति कइलें। येह मौका पर अधिकारियन से संवाद करत मुख्यमंत्री उन्हें संवाद, संवेदनशीलता अउर अउर सकारात्मकता क मंत्र दिहलें। मुख्यमंत्री कहलें कि उत्तर प्रदेस जइसन बड़हन राज्य के प्रसासन क महत्वपूर्ण हिस्सा बनल बड़हन चुनौती से भरल हौ। ई चुनौतिये व्यक्तित्व के निखारी। उहां के अधिकारियन से जनहित के सर्वोपरि रखले अउर निर्णय प्रक्रिया में ईमानदारी अउर निस्पक्षता के प्राथमिकता दिहले क आवाहन कइलीं।

**********

इलाहाबाद हाईकोर्ट मथुरा के शाही ईदगाह के विवादित ढांचा घोसित करे वाली याचिका के आजु अस्वीकार कइ दिहलस। हाईकोर्ट क न्यायाधीस राम मनोहर नारायण मिश्रा क एकल पीठि तेईस मई के सुनवाई के बाद अपने आदेस के सुरक्षित रखि लिहले रहल। हमरे प्रतिनिधि बतवलें कि मथुरा श्रीकृष्ण जनमभूमि अउर शाही ईदगाह मस्जिद बिबाद से जुड़ल अठारह याचिका पर अबहिनों सुनवाई जारी रही। अबहिन येह मामिला में अगिला सुनवाई क तारीख तय नाही हौ।

**********

काल्हि से सुरू भइल अड़तीस दिन क श्री अमरनाथ जतरा सुचारू रूप से चलि रहल हौ। जतरा काल्हि दक्षिण–कश्मीर क अनंतनाग जिला में पहलगाम अउर मध्य–कश्मीर के गांदरबल जिला क बालतल से विधिवत सुरु भइल रहल। प्रस्तुत ह एगो रिपोर्ट–

**आज सुबह पहलगाम मार्ग पर 3000 से अधिक भक्तों को चंदनवाड़ी की ओर जाने की अनुमति दी गई। बालतल गांदरबल बेस कैंप से 7700 से अधिक तीर्थयात्रियों को पवित्र गुफा की ओर जाने की अनुमति दी गई। अधिकारियों ने बताया कि दोपहर 12 बजे तक 5600 से अधिक तीर्थयात्रियों ने पवित्र गुफा में शिवलिंगम के दर्शन किए। तारिक राथर, आकाशवाणी समाचार, श्रीनगर।**

**********

प्रदेस भर में सात जुलाई ले वन महोत्सव मनावल जा रहल हौ। येही क्रम में बनारस जिला क सारनाथ में ऑपरेसन सिंदूर क महातम के देखावत आजु सिंदूर वाटिका क स्थापना कइल गइल। बनारस क मंडलायुक्त एस राजलिंगम सिंदूर क पौधा लगा के एकर सुरूआत कइले। मंडलायुक्त कहले कि सिंदूर पवित्रता क पौधा होला। वन महोत्सव में अइसनो पौधा लगावल जा रहल हौ जवन कि हमरे वीरता अउर पवित्रता क भी बोध करावेलें। महोत्सव में सारनाथ में सिंदूर वाटिका क स्थापना कइल गइल हौ।

**********

गाजीपुर जिला में एस एक सौ इक्यानवे गैंग क पूर्व सरगना मुख्तार अंसारी क लखनऊ क भारतीय स्टेट बैंक के खाता में मौजूद पचीस लाख बावन हजार रुपिया के पुलिस फ्रीज करवा दिहले हौ। गाजीपुर सदर क क्षेत्राधिकारी शेखर सेंगर बतवले कि मुख्तार अंसारी क पत्नी अफसा अंसारी पचास हजार क घोषित इनामी हइंनि आ फरार चलि रहल हइंनि। पुलिस की ओरि से बैंक में जमा धन के फ्रीज करवावे क कार्रवाई अपराध अउर अपराधियन के खिलाफ चलावल जा रहल अभियान के क्रम में कइल गइल हौ।

**********

आजु स्वामी विवेकानंद क पुण्यतिथि हौ। येह मौका पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी उन्हें सरधांजलि देत एगो सोसल मीडिया पोस्ट में कहलें कि स्वामी विवेकानंद सेवा अउर करूणा के राहि पर चलले पर जोर दिहलें। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो एगो सोसल मीडिया पोस्ट के जरिये उन्हें सरधांजलि अरपित करत कहलें कि स्वामी विवेकानंद वेदांत, सेवा अउर आत्मबल के आलोक से सनातन संस्कृति के विस्वमंच पर प्रतिस्ठित कइलें।

**********

प्रदेस भर में रुकि रुकि के मानसूनी बरखा क सिलसिला जारी हौ। मौसम विज्ञान विभाग धिरवनिया दिहले हौ कि पूरबी उत्तर प्रदेस में बिहने अउर आठ जुलाई के कहीं कहीं भारी बरखा होई। विभाग के हिसाबि से छौ जुलाई से आठ जुलाई ले पच्छिमी उत्तर प्रदेसो में इहे हालत रही। दुनो इलाकन में कहीं कहीं बिजुलियों गिरले क अनेसा हौ। येह बिच्चे मानसूनी बरखा से नदियन क जल स्तर के बढ़ले क सिलसिला जारी हौ। बनारस जिला में आजु सबेरे आठ बजे जारी रिपोर्ट के हिसाबि से गंगा नदी के जलस्तर में एक सेंटीमीटर प्रति घंटा क रफ्तार से बढ़ोत्तरी हो रहलि हौ।

**********